



Pou Piblikasyon Imedya: 02/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APWOBASYON FEDERAL POU DEKLARASYON
GWO DEZAS AKOZ TANPÈT GRAV AK INONDASYON YO**

***Yo Te Bay Asistans Piblik nan Sèt Konte pou Domaj Ki Te Koze pa Inondasyon
Rapid Mwa Dawout lan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke to te pibliye yon deklarasyon gwo dezans pou sèt konte ki te sibi domaj pandan tanpèt grav yo ak inondasyon rapid yo ki te rive soti 13-15 Dawout 2018. Ak deklarasyon sa a, FEMA te valide estimasyon gouvènman eta ak lokal yo ki te deklare ke plis pase 36 milyon dola nan depans pou pote repons yo ak domaj enfrastrikti yo te rive apre tanpèt yo. Apwobasyon sa a, ki ap endike ke konte sa yo te atenn limit ki nesèsè pou finansman federal, se pwochèn etap pou rive jwenn asistans finansye nan men gouvènman federal lan pou pèmèt kominote lokal yo kontinye rekipere. Yo ka itilize asistans lan nan finansman pou mezi pwoteksyon ijans yo, ranmasaj debri yo, ak reparasyon enfrastrikti piblik yo.

Sèt konte yo se Broome, Chemung, Chenango, Delaware, Schuyler, Seneca, ak Tioga.

“Kondisyon metewo grav yo se nouvèl nòmaliite a epi tout nivo gouvènman yo dwe chanje oryantasyon yo pou pi byen ede moun sa yo ki te afekte pa tanpèt ki deplizanpli souvan yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Eta a pran angajman soutni chak etap pwosesis rekipasyon an, epi deklarasyon sa a esansyèl pou jwenn asistans nou bezwen an pou ede kominote sa yo rekonstwi.”

“Ajans lokal ak eta yo ap kontinye ak efò nou ap fè yo pou retounen mete abitan yo nan yon sans nòmaliite”, **Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES), Roger L. Parrino, Sr. te di.** “Sa fè mwen plezi dèske gouvènman federal la rekonèt demann Gouvènè Cuomo a pou asistans federal kòm yon bagay ki esansyèl pou pwosesis rekonstriksyon an. Mwen ta renmen remèsye FEMA Rejyon II pou patenarya sou teren li an.”

Enfòmasyon ki soti nan Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service) endike ke rejyon sa yo te resevwa ant 10 a 20 pous lapli pandan peryòd 30 jou a kòmanse apati 22 Jiyè 2018. Tanpèt mwa Dawout yo tou pre fen peryòd sa a te pwodwi gwo lapli ki ap tonbe, inondasyon rapid, ak gwo van, epi ki konbine ak tèren ki satire yo pa

peryòd sa ki imid yon fason anòmal, ki te pwodwi domaj konsiderab atravè rejyon Finger Lakes ak Southern Tier.

Gouvènè a te deklare yon Eta Ijans nan dat 14 Dawout, epi gen nèf gouvènman lokal ki te deklare tou Eta Ijans akòz gravite tanpèt la. Entèripsyon kouran ki gaye toupatou yo te afekte plis pase 1,500 kay ak biznis ki nan zòn nan, epi premye sekouris eta ak lokal yo te sove epi evekye plis pase 200 moun nan tèren kan yo ki nan Rejyon Finger Lakes.

Akòz dega tanpèt sa yo te fè, Gouvènè Cuomo te mande asistans teknik sou fòm yon Evalyasyon Dega Preliminè Konjwen (Preliminary Damage Assessment, PDA) nan dat 24 Dawout 2018. Rezilta PDA sa a te valide depans onivo Eta ak Konte ki te plis pase 36 milyon dola nan aktivite entèkansyon ak reskonstriksyon.

Gouvènman federal la mete finansman disponib pou gouvènman eta a ak gouvènman lokal ki kalifye yo ak kèk òganizasyon prive san bi likratif yo sou yon baz pataj depans pou travay ijan ak reparasyon oswa ranplasman etablisman ki sibi domaj yo akòz gwo tanpèt sa yo.

Enfòmasyon sou DHSES

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen pou efò pou prevni, pwoteje kont, prepare pou, pote reponn a, epi rekipere apre atak teworis yo, katwastwòf natirèl ak sa moun lakòz yo, ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES](#) la, swiv [@NYS DHSES sou Twitter](#) ak [Instagram](#), oswa ale sou dhSES.ny.gov.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)